PRAYER 316

# How I Fit Pray?

**How I fit Talk To God?** To de pray na to dey tok to God. Di Bibol na God to de yan wit us. Sabi wetin di Bibol dey teach us abaut preya. *"One day Jesus dey pray for one place. Wen e pray finish, one of en disciples kon tell am, 'Oga God! Make yu tish us how to pray, just as John tish en disciples.'"* Luke 11:1. De pray dat same preya. Bibol dey teach abaut preya wey praise, tanksgivin, konfeshon, and to de ask follow join. Praise dey lift up, dey honor, and dey glorify God, Psalm 34:1-3 *"Alwys dey offa a sakrifice of praise tu God,"* Hebrew 13:15. Tanksgivin na bikos of wetin Im don do. *"E dey good to tank God. Yes! Awa belle dey sweet us wen ever wi dey sing and praiz di Most High God."* Psalm 92:1. To de konfes na bikos of awa sin. *"But if wi konfess awa sin to am, e go forgive us kon wosh evritin wey nor good for God eye komot from awa life, bikos Christ dey always do wetin e sey e go do, since e dey raitious."* 1 John 1:9. De ask God as yu wont bikos Im de tok sey make yu ask Am. *"Make una nor let anytin worry una for mind. Instead, for evry kondishon wey una dey face, make una ask God thru prayer for evritin wey una nid and make una always dey tank am, as una dey pray."* Phillipians 4:6. To de ask God make e meet yur spirishual and physikal needs de for di Oga God preya for Matthew 6:9-13. Preya na yur special chance and opportunity to de tok to di God wey dey alife. *"Pipol wey dey do wetin dey rite, God eye nor dey komot from dia body and en ear dey open to hear wen dem kry for help."* Psalm 34:15. *"So make evribody wey dey fear God pray."* Psalm 32:6.

**Wia I fit to pray?** E dey good make yu de or one religious buildin andmeetings de pray. But, Jesus tok say, *"God na Spirit and di pipol wey won serve am, must serve am for di true way wey God Spirit go show am."* John 4:24. Preya wey de work no mean wia yu de physikally. Jeus tok say, *"Anytime wey una dey pray, make una nor do like pipol wey dey pritend, wey like to dey stand pray inside sinagog and for road, so dat pipol go si dem. I tell una true word, dem don already get dia reward, But wen una dey pray, make una go inside room, klose di door and pray to una Papa for sekret. And una Papa wey dey si for sekret, go reward una for pipol present."* Matthew 6:5-6. Preya wey de work no be by wia yu dey wen yu de pray. Na by di kondition of yur heart. Pray for publik. Pray for inside.

**Make I pray for my knees?** Jesus, Paul, and Daniel do, Luke 22:41, Acts 20:36, and Daniel 6:10. Pray for yur knees. But, odas for di Bibul stand, look for di sky, raise hand, bow for ground, and face wall. How yu keep yur body dey important for prayer as e dey show di kondition as yur heart dey.

**How I fit pray?** Di *how* for preya dey important, abi even de important pass, di *wetin* for preya. Preya wey dey for Bibol na to de open and tok true as yu dey pour out yur heart dey give God. No too much grammar for dia, wey go force God to give yu wetin yu de ask Am. Di Bibol instrukshons and exampols na to de pray:

Wit a tankful heart, 1 Thessalonians 5:18.

Wit sinsia, no be by kramming am, Isaiah 29:13.

Nor dey repeat nonsens, Matthew 6:7.

De open, direct, and true, Isiah 37:14-17.

Get kommitment and strong mind to kontinue, Colossians 4:2, Luke 11:5-10, 18:1-8.

Kontinue dey do am, no dey stop, 1 Thessalonians 5:17.

Wit serious effort, Romans 15:30.

De togeda wit oda Believas, Matthew 18:19-20, 1 Timothy 2:8.

Wit strong faith, James 1:6-7, Hebrews 11:6.

Dey follow di will of Oga God, John 15:7, 1 John 5:14-15.

For di name of Jesus, for Im will as Pesin wey we dey represent, John 14:13, 15:16.

**Wetin I go pray for?** for di Lord's prayer, Jesus tish Im discipols make dem pray for dia evryday physikal and spiritual needs. For dis prayer for John 17, Jesus pray for Imsef, Im dicipols, and for di world. Jesus promise say preya wey dey faithful, dey fit into Im will, offa am to Im Papa, for Im name E go ansa am, John 15:7, 16, 16:23, 1 John 5:14-15. Anoda instrukshon wey dey for Bibol and exampol as we suppose take de pray na:

Wisdom, James 1:5, 2 Chronicles 1:7-12.

To de prospa for spirit, Colossians 1:9-12.

Dos who dey treat yu bad, Luke 6:28.

Healing, dey possible, James 5:14-15, but no be for evrybody, 2 Corinthians 12:7-9.

Each oda, Ephesians 6:18, James 5:16.

Yur govment, 1 Timothy 2:1-2.

Yur food, Matthew 6:11, Mark 6:41, 8:6-7.

Dose who need Krist, Romans 10:1.

Pipol wey dey suffa to de spread di Gospel, Matthew 9:37-38.

Open door for di Gospul, Colossians 4:3-4.

**God dey hia and de ansa yur preyas.** If yu meet God's kondition for preya E go ansa yu. God's ansa fit be *yes,* a *yes wey E nor tok now-now,* abi *no.* E fit give yu pass wetin yu tink abi ask, Ephesians 3:20. If God say yes wey E no tok now-now e fit be to prepia yu abi oda pipol for Im ansa. Abi Im ansa fit be one final *no.* Pray make yu get faith in Im and make yu fully sabi Im ansas.

Wetin yu get for min dey important. *"Wen yu ask for sometin, yu nor receive am, bikos yu nor ask well and yu won take am do wetin yu like."* James 4:3.

Husband, dey treat yur wife wella. Di Bibol dey teach sey husband suppose love im wife as Christ love di church, dey pampa am, dey understand am, and respekt am as pesin wey follow inherit di grace of life, *"If una dey do like dis, nor-tin go block una prayers."* 1 Peter 3:7.

Forgive odas. If yu no fit forgive, yur prayers nor go get ansa. Na as yu take forgive odas yu go expeckt make God forgive yu, Mark 11:25, Matthew 5:23-24, 6:12-15. Dey righteous.

Dey clean bifor God for spirit and den yur prayers fit do plenti tins. *"but E dey enjoy good pipol prayers"* Proverbs 15:8. But, if pesin turn away from Im law, *"God nor go hear yor prayers."* Proverbs 28:9. God dey protekt, prepia, and go make yu de pafekt. Refuse and delay fit be for yur own good.

God de protet yu wen yu no sabi sey wetin yu dey ask for go hurt yu. God know pass as yu know yursef. Somtimes, God fit say no bikos E sabi yur future and sabi wetin good pass for yu. Somtimes one delay dey dia tu give yu time to prepia for Im ansa. Somtimes Im refus and delay de kom make yur faith dey standa gidigba. Accept God ansa with faith and tanks. God know wetin e dey do. Tok to God. E dey listin. Pray!

**"Make una dey tank God for evritin, bikos na so God wont sey make una wey dey inside Christ dey do." 1 Thessalonians 5:18**

---

*How I fit Pray?* 2026 by John D. Morris III de publish by Acts One Eight. Yu fit print, copy, post, imel, abi message am for free wit di content still di same wit dis full statement wey follow. Yu fit add yur church name abi logo for di top of page one and yu fit add yur contact informashon ontop di solid line nia di bottom of page two. Prayer316 na from Bibol onle. Yu fit send imel to Acts One Eight (for English if e dey possibul.) to: *Hello@Mail316.org*. na www.ChristianLingua.com do di translashon *How I Fit Pray?* dey availabol for 48 languajis for free for *www.Prayer316.org*. Quotashons for di English vashon na Di Lockman Foundation New American Standard Bibol 1995. Bibol quotashons for dis translashon na from YouVersion PCM Nigerian Pidgin Bibol.